

# Tiliv Pwogram Junior Ranger

Zòn Pak Nasyonal Zile Pò Boston  
Boston Harbor Islands National Park Area



Tiliv Pwogram Junior Ranger

Zile Pò Boston

# Tiliv Pwogram Junior Ranger

## Yon Kat Pò Boston



# Tiliv Pwogram Junior Ranger



## Kisa yon Zile Pò Poston Junior Ranger ye?

Park Rangers yo pwoteje trezò istorik ak natirèl Zòn Pak Nasyoanl Zile Pò Boston yo. Kòm yon Junior Ranger, ou ka ede Park Rangers yo lè ou eksplor zile yo, aprann sou istwa yo, epi ede pran swen bél resous natirèl sa a.

### Kijan ou ka vini yon Junior Ranger

- Si ou gen laj . . .  
7 ane oswa piba: konplete 3 oswa plis aktivite  
8 - 11: konplete 5 oswa plis aktivite  
12 ane oswa piwo: konplete 6 oswa plis aktivite
- Si posib, patisipe nan yon pwogram pak tankou yon vizit, randone, pèfòmans oswa aktivite
- Montre yon anplwaye park la ou fin konplete tiliv la, resite angajman Junior Ranger a ansanm epi resevwa yon siyati

**Pratike “Pa Kite okenn tras.”** Ou ka pwoteje park la lè ou gide vizitè yo pou rete sou santye yo epi rete andeyò mi istorik yo, lè yo respekte lafon epi pa jete fatra sou zile a. Sonje pou toujou kite sa ou jwenn, kidonk pwochen vizitè a ka pwofite menm jan!

# Tiliv Pwogram Junior Ranger



## ZILE PÓ BOSTON YO

Byenveni nan Pò Boston! Sa a se yon kote ki diferan ak nenpòt lòt kote nan Emisfè Lwès la, kòm se sèl kote drumlin yo (ti kolin) rankontre avèk lanmè a. Kisa yon drumlin ye (ti kolin)? Chèche konnen! Pandan ou la, aprann sou kijan zile yo te fòme, kijan yo te chanje, ak kimoun ki te itilize yo pandan plizyè milye ane ke yo te la nan Pò Boston.

Zile Pò Boston yo te wè tout bagay: dènye Laj Glas, premye tribi natif natal yo, Koloni Ewopeyen yo, gè Ameriken yo, lopital, ak otèl, ak plis ankò! Yo te jwe yon wòl enpòtan nan vil Boston, pwoteje l kont tanpèt e menm kont atak ennmi. San pò sa a ansanm avèk anpil zile yo, Boston pa tap janm konstwi kote li ye jodia.


Avèk 34 diferan zile ak penensil, Pò Boston an ranpli avèk nouvo kote pou eksplore. Mete sou ou ekipman detektiv ou, epi chèche konnen kisa ki genyen pou aprann nan pak nasyonal inik ak enkwayab sa a!

# Tiliv Pwogram Junior Ranger

## Pò a Atravè letan

Pò Boston an te chanje anpil depi vil la te fonde nan ane 1630.

Gade imaj ki anba epi chèche konnen kijan li te transfòme!




**Nome yon bagay  
ou wè ki te  
chanje, ak yon  
bagay ki rete  
menm jan!**

## Fè yon Entèvyou Gadyen Pak

Kòm wap prepare pou yon jou enteresan nan pak la, chèche yon gadyen park oswa yon anplwaye epi chèche konnen kisa sa vle di pou travay nan Pò Boston!

- Kijan ou rele?
- Kisa yon Gadyen Pak ye?
- Poze yon kesyon ou genyen sou Gadyen Pak!




Si ou kapab, chèche jwenn aktivite nan yon park pou patisipe. Ki pwogram li te ye?

Kisa ou te fè?

# Tiliv Pwogram Junior Ranger



## Obsèvatè Meteyo



Meteyo a afekte nou chak jou. Pafwa li cho epi gen solèy deyò a; gen lòt fwa li frèt epi gen lapli. Itilize mo deskriptif yo anba kòm yon gid, ekri sou tanperati a nan pò a jodia.

Tanperati	Cho anpil	Cho	Fre	Frèt
<b>Imidite</b>	Bwouya	Kole	Mouye	Sèk
<b>Van</b>	Tanpèt	Vante	Frè	Trankil
<b>Vag</b>	Kas blanch	Mwayen	Piti	Plat
<b>Syèl</b>	Anpil nyaj	Sitou nyaje	An pati nyaje	Klè
<b>Presipitasyon</b>	Gwo lapli	Lapli	Farinen	Okenn


**Kijan  
Tanperati a  
ye Jodia?**

# Tiliv Pwogram Junior Ranger

**Ekri Pwòp**

## **CHANTE LANMÈ OU**

Osi lontan ke moun yo tap itilize lanmè a, yo te chante sou li. Imajine kijan li ta ye si ou te abite ak travay sou yon bato. Ekri yon chan sou travay wap fè, difikilte lavi sou lanmè, oswa avanti ou panse ou ka rankontre!



# Tiliv Pwogram Junior Ranger

## Bato yo nan Pò Boston

Kòm wap vwayaje nan pò a, ou pral wè anpil diferan kalite bato. Travay ou se pou konte yo epi òganize yo an twa kategori:

**Lwazi:** Ti bato pou amizman pèsonèl, lapèch endividyal oswa vwayaj



**Pasaje:** Gwo Bato oswa mwayèn ki kapab kenbe gwooup moun

**Komèsyal:** Gwo bato ki pa pasaje ki pote machandiz ak pwodui

**Lwazi**


**Pasaje**

**Komèsyal**



## Difikilte nan Navigasyon

Pandan wap travèse Pò Boston, ou pral vwayaje atravè yon **chanèl**: yon chemen kote lanmè a fon ase pou gwo ak ti bato yo pase. Anvan yo te kreye chanèl sa yo, te gen anpilnofraj nan Pò Boston. Gen kèk bato ki koule ki te rete anba sifas dlo a jiska jodia!



Trase wout ou te vwayaje a sou kat pò a devan tiliv sa a.

Apresa, reponn kesyon ki anba yo:

- ◆ Èske gen yon non pou kanal ou te vwayaje nan jounen jodia?
- ◆ Ki zile ou te wè sou chemen w?
- ◆ Kisa ou panse baliz wouj ak vè a vle di?

## Fasyal Glasyal

Apeprè 15,000 ane de sa, jeyan **glasye yo** – oswa plak glas – plis pase yon mil epesè te kouvri sa ki rele zòn Boston jodia. Amezi ke glasye yo ap deplase andedan tè a, yo kreye kolin anpant ki rele **drumlin**. Elevasyon nivo lanmè a ak glas kap fonn finalman te transfòme vale drumlin an yon pò ki chaje avèk zile.

Itilize tèks anwo a ansam avèk enfòmasyon ou te aprann jodia pou ranpli espas vid yo! Itilize chak mo nan bank lan yonsèl fwa.

1. Anpil nan zile yo konpoze avèk \_\_\_\_\_
2. Pak sa gen ladan \_\_\_\_\_ zile ak penensil
3. Yo(n) \_\_\_\_\_ antoure dlo nan twa kote
4. Yo(n) \_\_\_\_\_ antoure dlo nan tout kat kote yo
5. \_\_\_\_\_ te kreye anpil nan zile ak mòn yo ozalantou  
Pò Boston

**Rivaj:**

**Drumlin  
zile**

**34**

**Penensil  
Glasye**

# Tiliv Pwogram Junior Ranger

## Little Brewster


Pandan tout istwa, moun yo te itilize diferan zouti pou **navigé**, oswa jwenn wout yo. Nan ane 1700 yo, Boston Light te bati pou ede kapitèn bato yo navigé ansekirite nan pò a.

Poukisa yo te itilize limyè yo?

Èske Boston Light menm jan ak jan li te ye 300 ane de sa?

Ki bagay nouvo ou te aprann sou Boston Light?

Chak fa gen yon modèl flach diferan.  
Konbyen segonn ki genyen ant flach Boston Light yo?



# Tiliv Pwogram Junior Ranger

## Limyè nan Pò Boston




Gen yon kantite limyè nan Pò Boston, e chak sanble diferan de lòt. Desine nenpòt ak tout limyè ou wè jodia, e apre ou fin wè l, ansekle l sou kat zile a nan paj devan tiliv sa a!

# Tiliv Pwogram Junior Ranger

# Morse (De)kòd

Kijan moun te konn voye mesaj rapid anvan te gen telefòn oswa òdinatè? Nam kòmansman ane 1800 yo, Morse Kòd te devlope nan fason pou voye mesaj sou fil telegrafik.



Ki fraz ki te ede maren yo prevwa move tan alavans?  
Itilize senbòl yo ki anba pou dechifre kòd la!

Red Sky at Night,

## Red Sky at Morn'

A	• -	H	• • • •	O	---	V	• • • -
B	- • • •	I	• •	P	• - - •	W	• - -
C	- • - •	J	• - - -	Q	- - • -	X	- • • -
D	- • •	K	- • -	R	• - •	Y	- • - -
E	•	L	• - • •	S	• • •	Z	- - • •
F	• • - •	M	--	T	-		
G	- - •	N	- •	U	• • -		

# Tiliv Pwogram Junior Ranger



**Kòm yon  
Junior Ranger,  
Mwen angaje pou:**

- Kontinye aprann sou Zile Pò Boston yo
- Eksplore ak pwoteje aktivman pak sa a ansanm avèk lòt kote spesyal
  - Pataje sa mwen aprann avèk fanmi ak zanmi mwen yo

---

Siyati Junior Ranger

---

Siyati Responsab Park

# Tiliv Pwogram Junior Ranger



Bumpkin Island	Green Island	Nixes Mate	Sheep Island
Button Island	Hangman Island	Nut Island	Slate Island
Calf Island	Langlee Island	Outer Brewster Island	Snake Island
Deer Island	Little Brewster Island	Peddoocks Island	Spectacle Island
Gallops Island	Little Calf Island	Raccoon Island	Thompson Island
Georges Island	Long Island	Ragged Island	Webb Memorial Park
Grape Island	Lovells Island	Rainsford Island	Worlds End
The Graves	Middle Brewster Island	Sarah Island	
Great Brewster Island	Moon Island	Shag Rocks	

Si ou pa ka retounen tiliv sa anpèson? Fè yon kopi  
tiliv ou ranpli a epi voye l avèk non w ak adrès nan:

Boston Harbor Islands Junior Ranger Program  
15 State St. Suite 1100  
Boston, MA 02109

Aktivite kreye pa: Elisabeth Colby

Fèt ak ilistre pa: Liz Cook

